

TGH
tech goes home

# RAPÒ ENPAK

# 2023

# Travay Nou

## FÒMIL POU ENPAK

### Aparèy Dijital

Aksè ak yon nouvo òdinatè oswa tablèt pou itilize lakay

+

### Koneksyon Entènèt

Aksè ak koneksyon entènèt ki estab ak abòdab lakay ou

+

### Konpetans Fòmasyon

Fòmasyon sible konpetans dijital ak enstriktè kominotè TGH

=

### Enklizyon Dijital

Aksè dirab ak mond dijital la ak opòtinite epi resous li ofri yo




**130+**
Sit Patnè an 2023

**430+**
Kou an 2023

**5000+**
Gradye an 2023

## KOMINOTE PATNÈ NOU

Boston
Brockton
Brookline
Cambridge
Chelsea
Everett
Gloucester
Haverhill
Holyoke
Lawrence
Lowell
Lynn
Malden
Medford
Methuen
Peabody
Pittsfield
Quincy
Revere
Salem
Somerville
Springfield
Waltham

Zanmi Mwen Yo,

Chif, figi, ak istwa ki nan rapò sa a demontre yon gwo enpak aksè dijital – konbinezon aparèy, aksè entènèt, ak konpetans dijital – nan lavi chak jou nou, aspirasyon nou gen pou avni, ak fòs kominote nou yo. Done ane pase travay Tech Goes Home reprezante aprantisaj fanmi ki kontinye devlope konpetans ansanm, gradye pwogram ti biznis ki vin tounen antreprenè pwospè, ak patnè kominotè ki vin rann vwazen pi pwòch.

Reflechi sou chak kilè w konte sou yon òdinatè, aksè entènèt, ak konpetans dijital pou travay, lekòl, telesante, rete an kontak ak zanmi epi fanmi, ak plis ankò. Atravè Massachusetts, plizyè santèn mil moun eskli nan aksè dijital sa a. Tech Goes Home ap travay pou asire li ke tout moun gen aksè ak opòtinite ansanm ak resous ki disponib sou entènèt. Nou pran angajman pou nou fè chanjman nan jenerasyon ak objektif ekite dijital pou tout moun.

Lefèt ke li bati sou elan apati pwogramasyon solid ane pase yo, 2023 te yon ane eksepsyonèl pou Tech Goes Home ansanm ak kominote nou an. Kòm rekonesans lidèchip ak enpak pozitif sou aksè dijital, nou te resevwa finansman istorik nan men sektè piblik ak sektè prive a pou sipòte pwogramasyon nou pou nou atenn plis etidyan. Nou te deja kòmanse ofri pwogramasyon an kolaborasyon ak nouvo patnè nan Brockton, Holyoke, Lowell, Pittsfield, ak Springfield, anplis anprent nou gen deja, sa fè total kominote n ap sèvi yo pase 23.

Patnè sektè prive nou yo te esansyèl, nan ofri finansman esansyèl ak sipò ki pral ede nou pote rezilta pou etidyan nou yo. Epitou, gwo envestisman enpòtan ap ede prepare podyòm nan pou kwasans nou sou lontèm. Gras ak sipò sa a, gradye TGH yo te pase plis pase 75, 000 èdtan nan fòmasyon konpetans dijital ane sa a, sa ki fè yo vin tounen patisipan ki gen konfyans nan tèt yo nan mond dijital la. Kontinye devlope sipò sektè prive nou an enpòtan anpil pou asire ke pwogramasyon nou an disponib nan plis kominote epi nou kapab inove pou reponn ak bezwen etidyan nou yo.

Anplis de sa, gras ak travay pledwaye nou an, nou ogmante konsyantizasyon sou enklizyon dijital – mennen konvèsasyon esansyèl ak fè pwomosyon politik ak resous pou abòde ekite ki nan baz separasyon dijital la. Ane sa a nou te angaje ak vennsenk ofisyèl eli ki reprezante fwaye Massachusetts, pou diskite sou enpak inegalite dijital ak fason responsab politik yo ka sipòte efò k ap fèt pou enklizyon dijital. Nou pran angajman pou nou kontinye mobilize travay sa a ak patenarya nou pou enfliyanse politik enpòtan k ap fè enpak sou ekite dijital nan nivo lokal, eta ak nasyonal.

N ap remèsye kominote etidyan, enstriktè, anplwaye, defansè, patnè, donatè ak sipòte yo pou devouman yo kontinye montre. Nou gen yon fondasyon ki solid anpil pou travay k ap vini nan avni an. Nou genyen objektif ki gwo anpil, epi nou gen konfyans ke kominote TGH la pral leve defi a.

Bòn chans,

**Elizabeth Schwab**
**Prezidan Konsèy**

**Daniel R. Noyes**
**PDJ**

# Etidyan Nou Yo

## SÈKS

**64%** FANM

**35%** GASON

**1%** YON LÒT SÈKS/ PREFERE PA REPONN



## LANG PRENSIPAL

| | |
|---|---|
| 40% | Anglè |
| 27% | Panyòl |
| 15% | Kreyòl Ayisyen |
| 10% | Lòt |
| 4% | ARAB |
| 2% | Pòtigè |
| 2% | Kreyòl Kap Vèt |

## RAZA/ETNICIDAD



## SALÈ FWAYE

| | |
|---|---|
| Mwens pase $20,000 | 52% |
| $20,000 - $29,999 | 20% |
| $30,000 - $39,999 | 13% |
| $40,000 - $49,999 | 8% |
| Plis pase $50,000 | 7% |






# Enpak Nou

## FONDASYON AKSÈ DIJITAL

"Tèlman gen anpil enfòmasyon ki disponib pou mwen. Pakou dijital mwen fèk kòmanse."

–Steven

**75%**

Gradye yo te sèvi ak nouvo aparèy ak konpetans dijital yo pou jwenn aksè ak resous piblik

**88%**

Pami gradye nou yo te itilize konpetans dijital yo ak zouti yo pou kominike ak lòt moun

**65%**

Gradye nou yo santi yo mwens izole gras ak konpetans yo te aprann ak koneksyon yo te fè pandan kou TGH la

**87%**

Gradye nou yo aktyèlman genyen entènèt lakay yo, an konparezon ak sèlman 45% ki te genyen entènèt lè yo te enskri nan TGH



# Enpak Nou

## OPÒTINITE EDIKASYON




# 80%

Moun k ap bay swen plis enplike nan edikasyon pitit yo paske yo te pran kou TGH la

"Avan kou a, mwen te konn gade tablèt ak òdinatè pou timoun tankou amizman, men kounye a mwen wè potansyèl pou aprann konpetans enpòtan ak amizan tankou kodaj ak kreyasyon istwa. Kounye a, mwen genyen plis opòtinite edikasyon pou pataje ak pitit mwen."

–Veronica

# 80%

El 80 % de los graduados adultos aprovechó sus nuevas habilidades digitales para su propia educación

# 88%

Pami moun k ap bay swen yo di pitit yo sèvi ak nouvo aparèy yo pou aprantisaj plizyè fwa pa semèn oswa chak jou

# 90%

Moun k ap bay swen rapòte ke pitit yo te aprann rete an sekirite sou entènèt gras ak TGH

# Enpak Nou

## MOBILITE EKONOMIK

**81%**

Gradye yo te jwenn yon nouvo oswa pi bon travay, te antre nan yon pwogram edikasyon

oswa travay, oswa te kòmanse yon biznis

**55%**

Gradye yo te sèvi ak nouvo konpetans dijital yo pou aplike pou asistans finansye tankou avantaj chomaj oswa SNAP

**75%**

Granmoun gradye te jere finans yo sou entènèt

**70%**

Gradye te gen aksè rechèch travay sou entènèt

"Este programa ha sido de gran ayuda tanto profesional como personal ya que me brindó los recursos y habilidades para abrir mi propio daycare."

Tradiksyon: "Pwogram sa a te yon gwo èd alafwa sou plan pwofesyonèl ak pèsonèl puiske li te pèmèt mwen jwenn resous ak konpetans pou mwen ouvri pwòp gadri mwen."

–Norka



# Enpak Nou

## SANTE AK BYENNÈT

**55%**

Gradye yo te sèvi ak zouti dijital yo pou jwenn lojman

**64%**

Nan gradye yo te fè kòmand pwodui premye nesesite tankou medikaman ak manje sou entènèt

"Tout bagay itilize òdinatè, epi li pral rann lavi ak rekiperasyon mwen pase swa paske mwen pa gen pou m pase mizè ak konpetans enfòmatik bazik."

–Stefanie

**73%**

Gradye te mobilize konpetans yo te aprann nan kou TGH pou gen aksè ak sante ansanm

ak resous byennèt




"Etidyan nan klas mwen yo te kontan rekonèt vwazen yo ak konprann ke yo pa poukont yo."

–Enstriktè TGH

# Resous Aprantisaj

Ane sa a, ekip nou an te ofri seyans fòmasyon pou nouvo enstriktè TGH, yon opòtinite ki aksesib pou òganizasyon patnè nou yo. Nou te kreye tou wèbinè ak fòmasyon, ki ouvri pou piblik la epi ki disponib sou sitwèb nou yo.

**28**

Sesyon Fòmasyon pou Nouvo Enstriktè

**16**

Wèbinè pou Etidyan ak Enstriktè

**15**

Titoryèl Videyo ak Fòma Enprime

**14**

Tradiksyon Titoryèl nan Lang Diferan



# Pledwaye

TGH fè pledwaye bò kote ajans lokal, eta ak federal ansanm ak devan lidè eli pou solisyontransfòmasyon ki fokalize sou moun k ap ede ogmante resous epi asire aksè ak zouti ansanm ak opòtinite dijital ki ekitab. Efò pledwaye ekip nou an pandan ane 2023 a genyen ladann:

**25**
–
OFISYÈL ELI KI VIN ANGAJE AK TGH POU FÈ EKITE DIJITAL MACHE

**16**
–
MINISIPALITE KI TE SIBLE POU TRAVAY PLEDWA ESTRATEJIK

**2**
–
TEMWAYAJ KONSÈY VIL BOSTON KI TE BAY SOU ENVITASYON

**14**
–
APARISYON MEDYATIK KI TE SIBLE POU FÈMEN SEPARASYON DIJITAL LA



## Anplwaye

**Marwa Alnaal**
Direktè Rejyonal Pledwaye

**Alyssa Bogosian**
Manadjè Devlòpman Prensipal

**Dahlia Bousaid Cox**
Responsab an Chèch Pwogrè

**Lois Contreras Gutierrez**
Manadjè Patenarya Prensipal

**Mia Crabbe**
Responsab an Chèch Moun

**Lily Abha Cratsley**
Kowòdonatè Patenarya Prensipal

**John Jones**
Responsab an Chèch Operasyon

**Sangha Kang-Le**
Espesyalis Rechèch Pledwaye

**Peter Poon Kwong**
Manadjè Maketing Dijital

**Kiara Lum**
Direktè Salè ki Touche

**Madison Martin**
Responsab Pwogram II

**Mei Ngo**
Konseptè Enstriksyon pou Enstriktè

**Daniel Noyes**
Chèch Egzekitif

**Darcy O'Connor**
Pwospeksyon Donatè ak Responsab Ekonoma

**Demi Padilla**
Direktè Operasyon

**Katie Padmore**
Direktè Finans

**Natalie Petit**
Manadjè Operasyon Pwogram

**Jaslin Tifiano**
Asosye Pwogram, Operasyon

**Chantae Turner**
Jeneralis Resous Imen

**Marvin Venay**
Responsab an Chèch Pledwaye

## Konsèy Direksyon


**Elizabeth Schwab**
Prezidan  Responsab Afè Ekstèn, pou New England, ak Mid-Atlantic, Google

**Joe Hedal**
Vis Prezidan, Ansyen Asistan Direktè ak Enstriktè Klinik, Harvard Law School - Transactional Law Clinics

**Bruce Glabe**
Trezorye  Ansyen Finansye an Chèf, Appalachian Mountain Club

**Louie Balasny**
Direktè Jeneral, Sèvis Bank Antrepriz ak Inovasyon, Bank Sitwayen

**Anne Bailey Berman**
Prezidan, Chadwick Martin Bailey

**Colin Cabral**
Patnè, Proskauer Rose LLP

**Prince Charles**
Kowòdonatè Sant Aprantisaj Òdinatè, Codman Square NDC

**Monica Dean**
Direktè Lojman, LISC, NY

**Adam Goff**
Vis Prezidan Vant, Box

**Maria Harris**
Ansyen Direktè pou Edikasyon Granmoun, Boston Public Schools

**George Llado**
Ansyen SVP ak CIO, Alexion Pharmaceuticals

Direktè Konsèy, Charles River Laboratories

**Antonio Lobo**
Direktè Devlopman Mendèv, Catholic Charities

**Pedro J. Lopez-Baldrich**
Responsab Legal an Chèf, EVP, SharkNinja

**Daniel Noyes**
Prezidan ak PDJ, Tech Goes Home

**Daisy Ortega**
Direktè Jeneral Fòmasyon ak Devlopman Kapasite, Health Resources in Action

**Lee Schwamm**
Dwayen Asosye pou Estrateji Dijital ak Transfòmasyon, Yale School of Medicine

Vis Prezidan Prensipal + Ofisye Dijital Sante an Chèf, Yale New Haven Health System



Tech Goes Home rekonesan pou kominote sipòtè nou yo nan tout nivo ki te ede rann travay sa a posib. Nou fyè pou rekonèt donatè prensipal annapre yo:



TGH tech goes home

131 Dartmouth Street, 3rd Floor, Boston, MA 02116
(617) 398-7831
techgoeshome.org

@techgoeshome
fb.com/techgoeshome
flickr.com/techgoeshome
linkedin.com/company/tech-goes-home
@techgoeshome
youtube.com/user/techgoeshome